

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Pupujian mangrupa salasahiji karya sastra Sunda nu miboga ajén-inajén, sarta miboga wirahma-wirahma nu tangtu, pikeun nimbulkeun ayana éksprési rasa ti nu maca kana eusi nu aya dina pupujian. Kurang leuwih dina taun 1999 nepi ka taun 2004, di Désa Tigahérang pupujian masih kadéngé dinadomkeun di unggal masigit, boh keur nungguan waktu solat, atawa dina pangajian ibu-ibu sarta di pasantrén-pasantrén upama Kiai keur ngajarkeun ngaji ka para santrina. Masarakat Désa Tigahérang apal kana pupujian téh lantaran diajarkeun ku para Kiai dina waktu pangajian. Salian ti éta, masarakat apal téh lantaran para santri sok nganadomkeun, tuluy masarakat kairut atina hayang apal, sarta ku sering ngadéngé masarakat jadi apal kana pupujian.

Tapi kiwari ti taun 2004 ka béhdieunakeun, geus kaitung langka nu nganadomkeun pupujian di Désa Tigahérang téh. Ieu hal katitén di masigit-masigit geus langka kadéngé nu nganadomkeun pupujian. Salian ti éta, di pasantrén-pasantrén atawa para nonoman ayeuna mah geus langka nganadomkeun pupujian téh, nu sok dihaleuangkeun ayeuna mah di antarana lagu-lagu kosidah modérn, nasid-nasid, jeung solawat-solawat nu populér di jaman ayeuna. Upamana nasid ti *group Hijjaz* jeung *Edcoustic* sarta solawat-solawat anu sok dihaleuangkeun ku *group* marawis, sedengkeun anu ngahaleuangkeun pupujian mah beuki ngalelep. Hal ieu ditimbulkeun ku ayana parobahan sikep masarakat kana ngamekarkeun pupujian, sarta pangaruh téknologi nu mangaruhan tingkah paripolah masarakat Désa Tigahérang jadi langka nganadomkeun pupujian.

Désa Tigahérang téh mangrupa salah sahiji wewengkon nu aya di Kacamatan Rajadésa Kabupatén Ciamis. Désa Tigahérang mangrupa désa nu jadi wates, antara Kabupatén Ciamis jeung Kabupatén Kuningan. Désa Tigahérang téh aya opat dusun, nya éta Cikamuning, Cikalong, Désa, jeung Sukamulya. Di tiap dusun biasana aya pangajian ibu-ibu nu rutin dilaksanakeun. Dina ieu pangajian-pangajian, pupujian masih kaitung hirup, ibu-ibu kapireng masih sok nganadomkeun pupujian. Salian ti dinya mah, pupujian téh tara kadéngé deui.

Kiwari, pupujian téh geus ngalaman parobahan fungsi, kabuktian ku digunakeunna pupujian dina kagiatan seni sawaktu-waktu baé, upamana dina acara mulud Nabi, rajaban, musabaqoh, atawa imtihan (Koswara, 2011, kc.79).

Pupujian téh mangrupa salah sahiji karya sastra Sunda. Kecap sastra asalna tina basa Sanskerta, tina akar kecap *sas*, hartina nuduhkeun, ngajar, méré pituduh, atawa méré instruksi. Ahiran *-tra* ilaharna nuduhkeun alat, sarana. Jadi sastra nya éta alat pikeun ngajar, buku pituduh, buku instruksi atawa pangajaran. Karya sastra mangrupa hasil *kréativitas* atawa hasil ngolah pamikiran manusa, anu miboga udagan nu tangtu sarta miboga ajén-inajén bebeneran anu ditepikeun ku pangarangna. Karya sastra enas-enasna maluruh jeung ngaguar sagala rupa hal hirup kumbuh manusa, masarakatna, manusa salaku mahluk sosial, jeung manusa salaku mahluk kultural. Nu udaganana pikeun ngawujudkeun hirup manusa ka nu leuwih hadé (Teeuw, 2003, kc. 20).

Dumasar kana wangunna, karya sastra Sunda aya tilu wangun, nya éta wangun 1) puisi, 2) prosa, jeung 3) drama. Dina wangun puisi aya wangun puisi buhun jeung aya puisi modérn. Anu kaasup kana puisi buhun nya éta carita pantun, kakawihan, mantra, pupujian, wawacan, guguritan, jeung sisindiran. Pupujian mangrupa puisi tradisional anu eusina muja-muji kaagungan Pangéran, solawat ka Kangjeng Nabi, pépéling atawa umajak ngajalankeun ibadah (salat, puasa, jst) (Iskandarwassid, 2010, kc. 120).

Pupujian mangrupa hasil budaya titinggal karuhun nu kudu diriksa jeung dimumulé, ku cara ditalungtik, dimekarkeun, didokuméntasikeun, diinvéntarisir, jeung dilarapkeun. Saupama dilarapkeun tapi teu diajarkeun ka para nonoman-nonoman jaman ayeuna, tinangtu moal aya *regenerasi* keur kamekaran pupujian ka hareupna. Tangtuna pupujian kudu diajarkeun, salasahijina dina dunya atikan, upamana dina pangajaran basa Sunda.

Dina struktur muatan lokal pangajaran basa Sunda kelas tujuh kurikulum 2013 (Disdik Jabar, 2013, kc. 74), aya kompetensi dasar 7.3.7, nu nyebutkeun *yén siswa harus mampu mengidentifikasi, memahami, dan menganalisis pupujian sesuai dengan kaidah-kaidahnya*. Upama ieu panalungtikan dipatalikeun jeung KIKD pangajaran basa Sunda kelas tujuh, raket patalina. Ku kituna, aya lolongkrang keur panalungtik, pikeun dilaksankeun ieu panalungtikan. Ku ayana

téks-téks pupujian nu ditalungtik, bisa dijadikeun salasahiji bahan ajar dina ngajarkeun pupujian ka siswa di sakola.

Analisis nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta analisis struktural. Analisis struktural ngawengku analisis wangun jeung eusi dina téks puisi pupujian. Aya sababaraha panalungtikan-panalungtikan pupujian nu kungsi dilaksanakeun saméméhna, diantaranya dijéntrékeun saperti ieu di handap.

- 1) “Adegan Puisi Pupujian di Désa Cicadas Kabupatén Purwakarta pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra Di SMP” (Rike Nurandini: 2012). Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan Rike, nya éta objék panalungtikanana.
- 2) “Pupujian di Kampung Manis Désa Haurkuning Kacamatan Nusahérang Kabupatén Kuningan pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun Di SMP” (Didin Sholehuddin: 2012). Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan Didin, nya éta dina matalikeun bahan pangajaranana, Didin mah keur aspék ngaregepkeun, sedengkeun ieu panalungtikan keur aspék aprésiasi sastra jeung béda dina objék panalungtikanana.
- 3) “Pupujian di Désa Panyindangan Kacamatan Pakénjeng Kabupatén Garut pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMP kelas VII” (Ayi Surtani: 2013). Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan Ayi, nya éta dina matalikeun bahan pangajaranana, Ayi mah keur aspék ngaregepkeun, sedengkeun ieu panalungtikan keur aspék aprésiasi sastra jeung béda objék panalungtikanana.
- 4) “Adegan Pupujian di Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMP (Ulikan Struktural)” (Ina Eka Sulastri: 2014). Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan Ina, nya éta dina ulikanana, objék penelitianana, jeung aspék bahan pangajaranana.

Tina sababaraha panalungtikan nu geus ditétélakeun, bisa dicindekkeun yén bédana ieu panalungtikan téh, nya éta dina objék panalungtikanana jeung tiori nu dijadikeun dadasar dina ieu panalungtikan. Panalungtikan saméméhna lolobana ngagunakeun tiori I.A. Richards pikeun tatapakan nganalisis, sedengkeun dina ieu panalungtikan ngagunakeun tiori Roman Ingarden pikeun jadi tatapakan nganalisis, nu saméméhna can aya nu ngagunakeun ieu teori dina nganalisis pupujian. Panalungtikan saméméhna, can aya nu nalungtik di Désa Tigahérang Kacamatan Rajadésa Kabupatén Ciamis, tangtuna bakal aya bédana, boh tina

lagamna, rumpaka, boh eusina. Ku sabab kitu, ieu panalungtikan penting dilaksanakeun.

Luyu jeung hal éta, ieu panalungtikan dipuseurkeun kana kagiatan invéntarisir, klasifikasi, nganalisis wangun jeung eusi puisi pupujian. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “Puisi Pupujian di Désa Tigahérang Kacamatan Rajadésa Kabupatén Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Puisi Di SMP Kelas VII”.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1. 2.1 Idéntifikasi Masalah

Idéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan, dijéntrékeun saperti ieu di handap.

- 1) Kurangna pangaweruh masarakat kana wangun jeung eusi puisi pupujian.
- 2) Kurangna tarékah masarakat dina ngariksa jeung ngamumulé puisi pupujian.
- 3) Kurangna bahan pangajaran puisi pupujian pikeun SMP.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskan dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha klasifikasi téks puisi pupujian anu aya di Désa Tigahérang Kacamatan Rajadésa Kabupatén Ciamis?
- 2) Kumaha wangun jeung eusi puisi pupujian nu nyampak di Désa Tigahérang Kacamatan Rajadésa Kabupatén Ciamis?
- 3) Kumaha hasil panalungtikan puisi pupujian pikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMP kelas VII?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan, ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung kasang tukang sarta rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga tujuan umum nya éta pikeun nganalisis puisi pupujian anu aya di Désa Tigahérang, sarta pikeun jadi salasihiji tarékah dina ngariksa hasil budaya ti karuhun Sunda nu ngawujud dina karya sastra.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan nya éta pikeun:

- 1) ngadéskripsikeun klasifikasi puisi pupujian anu aya di Désa Tigahérang Kacamatan Rajadésa Kabupatén Ciamis;
- 2) ngadéskripsikeun wangun jeung eusi pupujian nu nyampak di Désa Tigahérang Kacamatan Rajadésa Kabupatén Ciamis; sarta
- 3) ngadéskripsikeun hasil panalungtikan puisi pupujian pikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMP kelas VII.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.2 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta pikeun:

- 1) nambahan kabeungharan budaya Sunda, salasihijina dina wangun puisi pupujian.
- 2) jadi salasihiji invéntaris budaya Sunda, dina puisi pupujian.
- 3) ngeuyeuban élmu pangaweruh, hususna dina mikanyaho kana rupa-rupa pupujian anu aya di masarakat.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan téh miboga mangpaat pikeun sababaraha pihak, di antarana sababaraha pihak ieu di handap.

- 1) Pikeun masarakat, dipiharep bisa wanoh deui kana téks pupujian.
- 2) Pikeun guru, dipiharep bisa dijadikeun bahan pangajaran dina ngawanohkeun pangajaran puisi pupujian.
- 3) Pikeun siswa, dipiharep bisa jadi bahan bacaan dina mikaweruh karya sastra buhun puisi pupujian.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan miboga fungsi pikeun méré gambaran ngeunaan léngkah-léngkah dina panalungtikan. Ieu skripsi disusun jadi lima bab saperti nu dipedar ieu di handap.

Bab I eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu dibagi jadi tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu dibagi jadi mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, jeung raraga nulis skripsi.

Bab II eusina ngajéntrékeun ngeunaan tiori-tiori nu ngadadasaran panalungtikan, sarta posisi masalah nu ditalungtik dina widang paélmaan. Ieu bab disebut minangka ulikan pustaka. Dina ulikan pustaka, panalungtik ngabandingkeun sarta matalikeun masalah nu keur ditalungtik jeung tiori-tiori sarta hasil panalungtikan nu geus dilakukeun ku para ahli.

Bab III eusina ngeunaan métode panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan. Eusina ngawengku métode panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, instrumén panalungtikan, désain panalungtikan, data jeung sumber data, jeung wangenan operasional.

Bab IV eusina mangrupa analisis data, nu satuluyna dipatalikeun jeung tiori-tiori dina Bab II.

Bab V eusina mangrupa kacindekan jeung saran atawa rékomendasi pikeun panalungtikan saterusna. Kacindekan mangrupa jawaban tina daftar pertanyaan nu aya dina rumusan masalah. Saran atawa rékomendasi ditujukeun ka pihak-pihak nu patali jeung hasil ieu panalungtikan, pikeun ayana lajuning laku keur panalungtikan saterusna.